



Pou Piblikasyon Imedya: 29/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NEW YORK ISLANDERS PRAL RETOUREN NAN LONG ISLAND YON ANE AVAN DAT LI TE PWOGRAFE A

Islanders yo pral jwe tout match lakay sezon 2020-21 yo nan Nassau Coliseum lan, ansanm ak nenpòt eliminatwa yo sezon sa a ak pwochen an

Amelyorasyon ke Eta a finanse pou 6 milyon dola nan Coliseum lan pèmèt Islanders yo jwe sezon final la nan 'The Barn' avan yo deplase nan Belmont

Konstriksyon sou nouvo Estad Belmont Park la ap avanse rapidman, avèk fondasyon beton ki fini ak konstriksyon asye estriktirèl yo gen prèske 20 pousan ki konplete

Pou rezève tikè pou eliminatwa 2019-20 an oswa achte tikè sezon regilye 2020-21 pou pwochen match Coliseum yo klike [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a New York Islanders pral retounen Long Island atan plen yon ane avan dat li te pwograme a, avèk tout match lakay yo pandan pwochen sezon 2020-21 yo ki ap jwe nan NYCB Live, lakay Memorial Coliseum Veteran Nassau (Nassau Veteran's Memorial Coliseum) a. Anplis de sa, Islanders yo pral jwe kèlkeswa match eliminatwa lakay yo sezon sa a ak sezon pwochen lan nan Coliseum. Ekip la ap kapab jwe nan Coliseum kòm rezilta 6 milyon dola nan amelyorasyon Eta a finanse pou enfrastruktir bilding lan. Tikè yo pou potansyèl match eliminatwa lakay 2019-20 yo ak match sezon regilye 2020-21 an nan Coliseum lan pral alavant apati jodi a. Anons sa a vini kòkonstriksyon nouvo lakay pèmanan Islanders yo, Belmont Park la, kontinye avanse, avèk estad ekip la ki sou wout pou acheve pou sezon NHL 2021-22 a.

"Islanders yo te toujou rete ekip Long Island, epi mwen fyè pou anonse franchiz espò anblematik sa a pral vini lakay pou de bon - yon ane avan dat li te pwograme a", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Retou lakay ke nou tap tann anpil sa a pral mennen Islanders yo tounen bay baz fanatik pasyone yo pandan ke li ap jenere enèji ak kontantman nan men abitan Long Island yo pou nouvo Estad Belmont Park ki ap ouvè ane pwochen lan."

Kopwopriyete New York Islanders la, Jon Ledecky, te deklare, "Nou pa ka tann pou jwe tout match nou yo sezon pwochen lan nan Coliseum lan avan nou deplase ale nan nouvo lakay nou an nan Belmont Park la, toude te vini posib gras ak Gouvènè Cuomo ak Comisè Bettman".

Komisè NHL la, Gary Bettman te deklare, "Kòm Lig Hockey Nasyonal la pa ka tann pou deplasman Islanders yo nan Estad Belmont Park pou sezon NHL 2021-22 a, gras ak investisman ak amelyorasyon Eta a nan etablisman an ak angajman pwopriyete Islanders, nou te detèmine kounye a ke pi bon opsyon an pandan peryòd tranzisyon sa a se pou Klib la jwe tout match lakay sezon regilye li yo sezon pwochen lan ak kèlkeswa match Eliminatwa Stanley Cup lakay sezon sa a ak pwochen an nan Nassau Coliseum lan nan NYCB Live. Nou remèsye Barclays Center dèske li te sèvi kòm ot pou Islander yo pandan senk ane pase yo epi nou remèsye fanatik Islanders yo pou pasyans ak lwayote yo pandan ke Lig la ak Klib la ap travay ansanm avèk Eta Nw York pou bati nouvon lakay franchiz ki fyè sa a bezwen ak merite a".

Anons jodi a se aboutisman plizyè ane travay Gouvènè Cuomo, Islanders yo, ak Lig Hockey Nasyonal la, ki bay kòm rezilta ke Islanders yo retounen lakay nan Long Island atan plen an oktòb 2020. Ekip la pral jwe kounye a kèlkeswa match eliminatwa lakay yo sezon sa a ak pwochen an nan Nassau Coliseum, ansanm ak tout 41 match lakay yo pandan sezon 2020-21 an.

Amelyorasyon ke Eta a finanse pou 6 milyon dola yo te mete bilding lan nan estanda minimòm NHL yo. Amelyorasyon yo te gen ladan renovasyon ekip vestyè yo, entalasyon enfrastrikti kabla ak ekipman medya pou emison modèn ki gen rapò ak sa, etablisman mezi kont imidifikasyon anplis yo, etablisman sistèm redondans izin glas yo, ak amelyorasyon sistèm chofaj, vantilasyon, ak lè kondisyone bilding lan.

An desanm 2017, Gouvènè Cuomo te anonse ke Islanders yo ta pral bati yon nouvo estad nan Belmont Park epi retounen nan Long Island atan plen pou sezon NHL 2021-22 an, epi depi lè sa a Eta a te travay pou akselere retou Islanders yo. Efò sa yo te konkretize nan kòmansman 2018, lè Gouvènè Cuomo [te anonse](#) ke ekip la ta pral jwe yon douzèn match nan Nassau Coliseum lan pandan sezon 2018-19 la. Sis mwa apre, [yo te ajoute](#) uit match lakay anplis nan Coliseum lan, sa ki reflète gwo demann pou douz match orijinal Coliseum yo. Gouvènè Cuomo te etann anplis efò sa yo an septanm 2019, lè li [te anonse](#) nan lansman Estad Belmont Park la ke ekip la ta pral jwe 28 match — oswa 68% nan tout match yo — nan Coliseum lan pandan sezon 2019-20 an.

Nouvèl retou atan plen Islanders nan Long Island vini kòm konstriksyon sou nouvo Estad Belmont Park la ap kontinye nan yon rit trè rapid. Jiska prezan, yo te fouye plis pase 330,000 yad kibik tè soti nan sit lan, yo devèse tout fondasyon beton ki mezire 15,000 yad kibik la, epi yo enstale apwoksimativman 20% nan pout asye estriktirèl pwojè a. Anplis, PSEG Long Island te fè pwogrè konsiderab nan amelyore enfrastrikti elektrik Belmont Park lan pou sipòte nouvo devlopman epi Long Island Rail Road (LIRR) la te kòmanse travay konsepsyon sou nouvo Estasyon Elmout an, ke devlopè estad la pral finanse atravè yon patenarya piblik prive epi li se premye, nouvo estasyon vwayajè LIRR atan plen ki bati depi plizyè deseni.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development, Eric Gertler te deklare, "Islanders yo fè pati entegral Long Island depi 1972, epi mwen kontan anpil pou wè franchiz sa a retounen lakay — ni kòm tèt ajans devlopman ekonomik New York la ak kòm yon fanatik hockey depi lontan. Gras ak vizyon ak lidèchip Gouvènè Cuomo, Islanders yo ap bati yon lakay modèn, pèmanan

nan Long Island, pandan li ap jenere plizyè milye djòb ak plizyè milya nan devlopman ekonomik, epi anons jodi a sipòte anplis efò sa yo".

Pwojè Redevlopman Belmont (Belmont Redevelopment Project) ki koute 1.3 milya dola a pral konstwi yon otèl ki gen 250 chanm ak vilaj detayan ki mezire 350,000 pye kare anplis de yon estad ki gen 19,000 chèn pou Islanders yo ak lòt evènman yo. Yo prevwa ke pwojè a ap kreye 10,000 djòb konstriksyon epi sipòte 3,200 djòb atan plen yon fwa li acheve. Anplis, yo prevwa ke aktivite konstriksyon yo ap jenere yon enpak ekonomik 2.7 milya dola, pandan ke yo prevwa ke operasyon nouvo estad la, otèl, ak vilaj detayan an ap jenere enpak ekonomik anyèl 858 milyon dola.

Fanatik Islanders yo kapab rezève tikè yo pou potansyèl match eliminatwa lakay 2019-2020 ak achte tikè pou match lakay 2020-21 yo nan Coliseum lan [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)